



Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE TOUNE EKOUT NAN TOUT ETA A POU FÈ AVANSE  
LWA SOU OBLIGASYON ANVIWÒNMANTAL POU DLO PWÒP, LÈ PWÒP AK  
TRAVAY VÈT**

*Seri sesyon ekout an pèsòn ak vityèl nan tout eta a*

*Opòtinite finansman inik nan yon jenerasyon pou amelyore ak pwoteje kominote  
yo atravè eta a*

*Benefis yo gen ladan fè avanse jistis anviwònmantal, diminye chanjman klimatik,  
kreye djòb ak pwoteje sante piblik*

Gouvènè Kathy Hochul te lanse selebrasyon Eta New York pou Semèn Latè a jodi a lè li anonse yon toune ekout edikatif nan tout eta a pou Lwa 2022 sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la ki koute 4.2 milya dola a. Lwa sou Obligasyon an ke elektè yo te apwouve an mas otòn pase a, priyoreze investisman nan jistis anviwònmantal, rediksyon chanjman klimatik, restorasyon bò rivaj, rezistans a inondasyon, kalite dlo, konsèvasyon espas ouvè, resous lwazi ak travay vèt. Toune a pral bay yon opòtinite pou piblik la ak potansyèl aplikan pou finansman yo aprann plis sou Lwa sou Obligasyon an, epi pou kominote a konsidere kritè pwojè yo devlope pou identifye pwojè potansyèl yo.

"Pandan kèk mwa k ap vini yo, toune ekout Lwa sou Obligasyon an pral vwayaje atravè New York pou konekte ak ofisyèl kle Eta yo sou investisman istorik ak enpòtan sa a nan anviwònman nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Toune pou koute a pral ofri piblik la, minisipalite yo ak lòt aplikan potansyèl yo yon opòtinite pou yo aprann kijan yo kapab pwofite lajan sa yo pou ede Eta New York atenn objektif klimatik li yo pandan y ap grandi ekonomi nou an. Pandan Semèn Latè a kòmanse jodi a, nou pa ka tann pou nou aplike Lwa sou Obligasyon istorik la ki pral kreye yon avni ki pi vèt pou kominote nou yo, enfrastrikti nou ak planèt nou an".

Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt istorik la se pi gwo obligasyon anviwònmantal nan istwa eta a epi se premye nan New York depi 1996. Lwa sou Obligasyon an pral mete 4.2 milya dola disponib pou pwojè anviwònmantal ak kominote ki sipòte tou kreyasyon djòb ak yon gwo investisman nan inisyativ Lekòl Vèt Pwòp yo ki pral sèvi plis pase 1,000 lekòl piblik ki pa gen ase resous.

Lè nou rekonèt popilasyon vilnerab yo afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl akòz enpak negatif sou anviwònman ak chanjman klimatik, omwen 35 pousan nan benefis Lwa sou Obligasyon yo pral dirije nan direksyon kominote ki defavorize yo. Espesyalman, Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la otorize:

- 1.5 milya dola pou rediksyon chanjman klimatik;
- 1.1 milya dola pou restorasyon ak rediksyon risk inondasyon;
- 650 milyon dola pou amelyorasyon nan kalite dlo ak enfrastrikti rezistan;
- 650 milyon dola pou konsèvasyon ak lwazi nan espas ouvè; epi
- 300 milyon dola pou lòt pwojè ki pa vreman repati nan lwa a.

Toune ekout edikatif la se yon pati nan angajman Eta a pou yon pwosesis kolaboratif ak transparan nan fason yo bay fon Lwa sou Obligasyon yo. Sesyon yo pral gen ladan yon prezantasyon sou Lwa sou Obligasyon an ak yon opòtinite pou diskisyon youn a youn avèk ekspè Eta a. Rankont yo pral ouvè pou piblik la.

Premye sesyon an pèsòn lan ap fèt 30 me a 1 p.m. nan University at Buffalo Center for Tomorrow - North Campus, 125 Service Center Road, Buffalo. Pou enskri ale sou <https://www.ny.gov/bondact>. Y ap anonse lòt reyinyon byento pou Sant New York, Adirondacks, Wo ak Ba Hudson Valley, Bronx, Brooklyn ak Long Island. Gen de sesyon vityèl ki pral fèt tou.

Ajans yo nan eta a, gouvènman lokal yo, ak patnè yo pral kapab jwenn aksè nan finansman Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la nan yon pwosesis ki dire plizyè ane. Kounye a yon gwoup travay ant plizyè ajans ap idantifye bezwen pou finansman anviwònmanal atravè eta a epi devlope lojistik pwogram pou aplikasyon Lwa sou Obligasyon an. Toune ekoute edikatif la pral angaje pati konsène sa yo ak lòt Nouyòkè ki enterese yo pou yo aprann sou kalite pwojè Lwa sou Obligasyon an kapab sipòte epi kòmanse diskisyon sou kritè kalifikasyon pou fè avanse finansman.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klimatik la, Basil Seggos, te deklare,** "DEC kontan anpil pou l travay anba lidèchip Gouvènè Hochul epi kòmanse aplike investisman anviwònmantal ki pi enpòtan nan yon jenerasyon. Toune ekout Lwa sou Obligasyon an se yon opòtinite pou DEC ak patnè Eta nou yo pou konekte avèk kominote atravè Eta a sou pwojè anviwònmantal enpòtan ki pral benefisye ekonomi lokal yo tou. Anons jodi a mete aksan sou angajman Eta a pou asire opinyon kominote a sou avni anviwònman nou an, konbat chanjman klimatik epi asire enfrastrikti eta a rezistan".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Lwa sou Obligasyon an sètènman se yon pati nan elan enkwayab ki fè avanse travay aksyon klimatik New York la, epi, anba lidèchip Gouvènè Hochul, NYSERDA pral itilize finansman Lwa sou Obligasyon an pou ede flòt otobis lekòl yo elektrifye otobis yo, pandan l ap sipòte tou lekòl piblik ki pa gen ase resous pou yo ka fè amelyorasyon ki efikas pou enèji ak enfrastrikti vèt. Toune ekout ki gen pou fèt yo

enpòtan anpil pou yo ka konnen bezwen kominote yo atravè eta a epi yo kapab enfòme desizyon estratejik ki pral benefisyè tout Nouyòkè yo".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Eta New York, anba lidèchip Gouvènè Hochul, gen yon gwo opòtinite pou ankouraje yon anviwonman pwòp, plis jistis anviwòmantal, adrese chanjman klimatik, ak elaji aksè a lwazi anplennè ki sen atravè Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal la. Tande lide ak pwennvi ki soti nan chak rejyon nan eta a enpòtan anpil pou reysisit aplikasyon inisyativ sa a. Mwen pa ka tann pou m gen diskisyon sa yo avèk gouvènman nou an ak patnè kominotè nou yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwòmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "EFC angaje pou l travay avèk DEC ak lòt patnè Eta nou yo pou asire yo bay kominote ki plis bezwen li yo finansman Lwa sou Obligasyon an. Toune ekout Gouvènè Hochul la mete aksan sou angajman Eta a".

**Komisè Agrikilti Eta New York (New York State Agriculture) la, Richard A. Ball, te deklare,** "Eta New York te toujou yon lidè nan inisyativ anviwòmantal yo, sa gen ladan nan fèm nou yo, epi gwo sipò nou te wè pou Lwa sou Obligasyon ane pase a sèlman kontinye montre kijan Nouyòkè yo sousye yo de anviwòmman an. Toune ekout sa a pral bay kominote nou yo opòtinite pou yo konsidere fason lejislasyon enpòtan sa a pral ede netwaye vwa navigab nou yo, konsève ekosistèm nou yo, epi investi nan yon avni an sante pou eta nou an. Mwen pa ka tann pou m tandè opinyon patnè nou yo nan agrikilti sou fason nou ka kontinye aplike pi bon pratik ki pwoteje resous natirèl nou yo pandan n ap sipòte kiltivatè nou yo".

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Lwa sou Obligasyon an se yon premye egzanp sou fason New York ap investi nan avni nou an. Toune ekout sa a pral konekte Biwo Kay ak Kominote Rezistan HCR la ak patnè nou yo avèk katye lokal yo pou fè avanse pwojè ki ede adapte yo ak yon klimatik k ap chanje epi ranfòse dirabilite alontèm. Nou pa ka tann pou nou angaje avèk kominote yo atravè eta a pou konstwi rezistans pou jenerasyon k ap vini yo".

**Jessica Ottney Mahar, Direktè Politik ak Estrateji pou The Nature Conservancy nan New York, te deklare,** "Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt New York ki koute 4.2 milya dola a bay kominote yo yon opòtinite ekstraòdinè pou pwoteje dlo pwòp, diminye polisyon, konsève abita bèt sovaj yo epi kreye bon djòb. The Nature Conservancy bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kòmanse aplikasyon Lwa sou Obligasyon an avèk yon toune ekout ki pral bay pati konsène yo opòtinite pou yo aprann sou finansman ki disponib, pataje pèspektiv sou bezwen kominote a, epi bay opinyon sou konsepsyon pwogram lan. Atravè pwosesis eksitan sa a, kominote yo atravè eta nou an pral nan pozisyon pou reyalize pwomès Lwa sou Obligasyon an epi reyalize pwojè ki amelyore kalite lavi kounye a ak pou jenerasyon Nouyòkè alavni yo".

**Direktè Relasyon Gouvènmantal ak Politik Piblik pou Scenic Hudson, Andy Bicking, te deklare,** "Mwa novanm pase a, elektè New York yo te apwouve Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la an mas. Nou kontan dèske Gouvènè Hochul ap adrese l ak kominote lokal yo pou aprann sou bezwen yo ak sou fason Lwa sou Obligasyon an ka ede. Sa a se yon opòtinite pafè pou gouvènman lokal yo ak gwoup kominotè yo idantifye -- epi kòmanse devlope -- pwojè ki pral amelyore sante ak byennèt nou, kreye travay, ak pwoteje jenerasyon alavni yo. Nan yon rejyon ki diferan nan nivo ekonomik ak kiltirèl tankou Hudson Valley, travay sa a esansyèl".

**Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la, Julie Tighe, te deklare,** "New York League of Conservation Voters bat bravo pou toune ekout Gouvènè Hochul nan tout eta a pou chèche jwenn opinyon ekspè yo ak kominote lokal yo sou aplikasyon Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal la. Lè elektè New York yo te apwouve mezi 4.2 milya dola a an mas, se te yon gwo deklarasyon sipò pou konbat chanjman klimatik, asire aksè a dlo potab, ak pwomouvwa jistis anviwònmantal, epi nou gen konfyans angajman gouvènè a pou angaje ak pati konsène yo pral asire lajan yo distribye byen epi pwojè ki resevwa priyorite yo pral gen pi gwo enpak".

Gen plis enfòmasyon sou Lwa sou Obligasyon an ki disponib isit la nan <https://www.ny.gov/bondact>

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418